

OU GEN DWA, KÈLKESAWA ESTATI W

- ✓ Dwa pou rete an silans Dwa pou
- ✓ Refize yon fouy
- ✓ Dwa pou pale ak yon avoka anvan ou siyen anyen Dwa pou
- ✓ Mande si ou lib pou ale
- ✓ Dwa pou anrejistre entèraksyon piblik yo
- ✓ Dwa pou refize reponn: "Èske ou se yon sitwayen ameriken?"
- ✓ Dwa pou deklare ou pè pou retounen nan peyi orijin ou

DOKIMAN: SA POU POTE AK SA POU EVITE POTE



- Kopi dokiman imigrasyon yo (pa egzant, kat vèt, pèmi travay, viza) men pa prezante yo volontèman!
- Lisans chofè ki soti Ozetazini oswa kat idantite ki soti Ozetazini ki pa gen ladan peyi nesans ou oswa sitiyasyon imigrasyon ou, si genyen (pa egzant, kat idantite NYC, kat idantite etidyan)
- Kat Konnen Dwa Ou
- Prèy ki montre ou gen plis pase dezan nan peyi a (Si ou gen prèy ki montre ou gen plis pase dezan nan peyi a, sa ka anpeche yo depòte w rapidman san yon odyans tribinal.)



- Fo dokiman oswa fo kat idantite
- Nenpòt dokiman ki di ou se yon sitwayen ameriken si ou pa youn
- Dokiman idantite ki soti nan peyi orijin ou



 **Kenbe orijinal dokiman enpòtan ou yo (A#, paspò) yon kote ki an sekirite.
Pa pote yo sou ou.**

 **Evite bay lapolis telefòn ou. Asire w ke telefòn ou an pwoteje ak modpas epi li pa itilize rekonesans figi oswa anprent pou debloke.**



Département d'État
Bureau des nouveaux Américains



KALITE FÒS SEKIRITE

DWANN AK PWOTEKSYON

FRONTYÈ (CBP)

Inifòm vèt. Jere antre nan ayewopò ameriken yo, pò maritim yo, ak nan yon distans 100 mil nan fwontyè tè yo.



ICE

Inifòm ble/nwa. Souvan, ICE, HSI oswa DHS ekri sou do a. Jwenn epi retire moun ki Ozetazini san estati legal. Kounye a, yo souvan wè ajan ICE yo abiye an sivil



LAPOLIS

Lapolis pa responsab pou jere imigrasyon, yo responsab sekirite piblik ak rezoud krim. Depannde lokasyon an, lapolis kapab travay ou non ansanm avèk ICE ak CBP.



MANDA JIDISYÈ

Yon manda jidisyè se yon lòd tribinal ki ka pèmèt ICE antre epi fouye kote yo pa gen dwa antre dabitid san pèmasyon, pa egzanp, yon kay prive, yon espas prive nan travay, oswa yon legliz. Yon manda jidisyè dwe siyen pa yon jij! Pafwa, ICE ap prezante yon dokiman yo rele manda arestasyon pou yon etranje, ki se yon dokiman ICE epi li PA siyen pa yon jij. Ou pa oblije kite yo antre lakay ou sèlman avèk dokiman sa a. Si ICE pa gen yon manda jidisyè, yo pa ka antre nan espas prive yo.

SEARCH AND SEIZURE WARRANT

Judge

[Signature]

KALITE ESPAS YO



PIBLIK

- Lari yo
- Pak yo
- Twotwa yo

- ✓ ICE ka la san pèmasyon.
 - ✓ ICE ka apwoche bò kote moun epi poze yo kesyon.
- Men, ou toujou gen dwa! Ou pa oblije reponn oswa montre yon pyès idantite (sof si w ap kondui).



PRIVE

- Kay ou
- Yon apatman fèmen
- Yon biwo prive

- ✗ ICE pa ka antre san yon manda jidisyè siyen pa yon jij oswa pèmasyon nan men yon rezidan.
- ✗ Ou ka refize louvri pòt la sof si yo montre kalite manda sa a.



MELANJE

- Koulwa apatman
- Blding lekòl, legliz
- Plas Travay

- ✓ ICE ka prezan an pati nan espas sa yo ki ouvè pou piblik la.
- ✗ ICE dwe gen yon manda siyen pa yon jij, oubyen pèmasyon nan men manadjè/pwopriyetè a, pou antre nan zòn ki pa piblik nan espas sa yo.



Département d'État
Bureau des nouveaux Américains



ENTÈRAKSYON AK ICE

Sonje byen: ICE gen dwa legalman bay manti oswa twonpe w.

Yo kapab di bagay tankou:

“Nou jis ap fè yon verifikasyon woutin.”

“Nap mennen ankèt sou yon krim epi nou bezwen pale avè w.”

“Ou gen obilgasyon pou ouvè pòt la.”

- ✓ Sonje dwa ou genyen pou rete an silans.
- ✓ Ou ka toujou mande yo pou yo bay dokiman ki apwopriye yo.
- ✓ Ou gen dwa anrejistre ofisye lapolis yo.
- ✓ Si yo kenbe w epi ou pè retounen nan peyi w, si w di klèman laperèz sa a, sa ka anpeche yo depòte w san yon odyans tribinal, menmsi ou gen mwens pase 2 zan depi w nan peyi Etazini.



NAN KAY

- ✓ Pa ouvri pòt la. Mande pou yo glise yon manda jidisyè (siyen pa yon jij) anba pòt la oswa pou yo montre l san ou pa ouvri pòt la.
- ✓ Pa bay pèmasyon pou antre oswa fouye.
- ✓ Si ICE antre san yon manda jidisyè, di: “Mwen pa bay konsantman m pou w antre.”



NAN TRAVAY

- ✓ ICE ka antre nan espas piblik (pa egzanp, yon antre bilding).
- ✓ ICE bezwen yon lòd tribinal oswa pèmasyon nan men anplwayè a pou antre nan espas prive (pa egzanp, kwizin, biwo).



NAN PIBLIK

- ✓ Rete Kalm. Pa kouri.
- ✓ Ou pa oblije reponn kesyon oswa montre pyès idantite.
- ✓ Mande: “Èske mwen lib pou m ale?” Repete kesyon sa a jiskaske ou jwenn yon repons. Si repons lan se wi, mache kalman.
- ✓ Ou ka di: “Mwen pa vle reponn kesyon ou yo” oswa “Mwen pa bay konsantman pou yo fouye m.” Sonje dwa ou genyen pou w rete an silans.



ARÈ SIKILASYON

- ✓ Ou dwe montre yon lisans, yon plak machin, ak yon asirans si w ap kondui.
- ✓ Pasaje yo pa oblije bay pyès idantite oswa reponn kesyon.
- ✓ Lapolis ka fouye pou zam men yo bezwen konsantman oswa yon rezon legal pou yo ka kontinye fouye.
- ✓ Ou ka refize fouy epi di, “Mwen pa bay konsantman.”



Département d'État
Bureau des nouveaux Américains

SISTÈM LEGAL KRIMINÈL

- ✓ Akizasyon kriminel yo ka afekte estati imigrasyon w.
- ✓ Pa janm deklare ou koupab san konsèy yon avoka.
- ✓ Si yo akize w de yon krim, pale ak yon avoka defans kriminel AK yon avoka imigrasyon.
- ✗ Menm ti krim tankou vòl nan magazen, sote yon tounikè oswa vyolasyon trafik ka mennen nan detansyon.
- ✗ Menmsi marigwana legal nan kèk eta, li toujou ilegal anba lalwa federal, kidonk ou ka toujou gen pwoblèm, menm detansyon, si ou posede l.

RETE PARE

- ✓ Memorize nimewo telefòn ak A# ou
- ✓ Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite Kenbe
- ✓ yon plan ijans/familyal
- ✓ Evite fwod: pale sèlman ak avoka ki gen lisans oswa reprezantan ki akredite pa DOJ. Notè yo pa nesesèman avoka Ozetazini!

RESSOUS ANLIY AK ÈD

- Liy Dirèk Biwo pou Nouvo Ameriken NYS: 1-800-566-7636
- Pou rapòte fwòd imigrasyon: 1-800-566-7636
- Rapòte krim rayisman: 1-888-392-3644
- Veye tèks INFONY nan 52886 pou jwenn resous
- Plis enfòmasyon: nyic.org/KYR
- Pou jwenn yon moun ki nan detansyon ICE:
 - Vizite Lokalizatè Prizonnye ICE a: locator.ice.gov
 - Antre A# moun nan (9 chif) ak peyi nesans li, oubyen non konplè li, peyi nesans li, ak dat nesans li
 - Si moun nan pa parèt nan sistèm lan, kontakte Biwo Lokal ICE lokal la oubyen sant detansyon an: ice.gov/contact/field-offices



Kat doub fas ak dwa ou yo. Ou ka montre l bay yon ajan lapolis pou fè respekte dwa ou yo menm si ou pa pale Anglè.